



Established 1915
BROWARD
County Public Schools

NewsRelease

PUBLIC INFORMATION OFFICE
600 SE Third Avenue
Fort Lauderdale, FL 33301
browardschools.com
754-321-2300

DAT: 10 avril, 2018

KONTAK: Tracy Clark, Chief Public Information Officer, 754-321-2616
Cathleen Brennan, Public Information Office, 754-321-2300
Nadine Drew, Public Information Office, 754-321-2300

Lekòl piblik Broward County ap Òganize yon Fowòm sou Sekirite nan Lekòl-yo Evènman an pral fèt le Mèkredi, 18 Avril, 2018, nan lekòl Plantation High School

An repons a trajedi ki sot pase nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School, lekòl piblik *Broward County* (BCPS) ap òganize yon Fowòm sou sekirite nan lekòl-yo, le mèkredi, 18 Avril, 2018. Fowòm-la ap fèt nan lekòl Plantation High School, ki sitiye nan adrès 6901 NW 16th Street, Plantation, Florida 33313, apati sizè trant aswè rive uitè trant (6:30 – 8:30 p.m.). Pòt-yo va louvri a 6 p.m.

Pandan Fowòm-la, manm eskoul bòd, *Broward County School Board*, Sipèrentandan BCPS, Robert W. Runcie ak lidèchip Distri-a va pataje ak piblik-la enfòmasyon ki itil epi bay nouvèl resan konsènan mezi sekirite ki pran nan lekòl-yo, finansman Leta, pwogram ak sèvis swen sante mantal, seyans konsèy avèk konseye pwofesyonnel (counseling), sèvis sipò pou elèv ak anplwaye, epitou yo va diskite kèk aspè inisyativ SMART, ki entegre sekirite nan lekòl-yo.

Fowòm sou Sekirite nan lekòl-yo louvri pou piblik-la anjeneral. Lè fowòm-la ap fèt n ap difize l andirèk sou sitweb browardschools.com.

Pou plis enfòmasyon, kontakte BCPS *Legislative Affairs Department* (Depatman Afè Lejislatif) nan nimewo 754-321-2608.

###

APWOPÒ LEKÒL PIBLIK BROWARD COUNTY

“Committed to educating all students to reach their highest potential.” - Pran angajman edike tout elèv pou yo atenn pi wo potansyèl-yo - Broward County Public Schools (BCPS) se sizyèm pi gran sistèm lekòl piblik nan peyi Etazini epi se dezyèm pi gran sistèm eskolè nan Leta Florid. Depi lane 1962, BCPS se premye sistèm eskolè ki akredite nan Leta Florid. BCPS gen plis pase 271,500 elèv epi apeprè 175,000 elèv adilt, yo repati nan 234 lekòl, sant ak kolèj teknik, epi 93 lekòl charter. BCPS gen anpil divèsite pami popilasyon elèv lap sèvi. Elèv-yo soti nan 204 peyi diferan epi gen 191 lang diferan ki pale nan distri-a. Pou aprann pipilis sou BCPS, vizite sit browardschools.com. Swiv BCPS sou Twitter @browardschools ak Facebook sou sit facebook.com/browardschools, epi telechaje app mobil gratis BCPS.

Educating Today's Students to Succeed in Tomorrow's World.
Broward County Public Schools is an Equal Opportunity/Equal Access Employer